

# TATA PANGIBADAH MINGGU 4 ADVEN - GKJ AMBARRUKMA

## 18 Desember 2022

**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**  
(Warni liturgis ungu, simbol/logo Salib Jangkar)

1. **Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori**
2. **Liturgos :**

“Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Gusti Yesus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng enjang, sugeng rawuh, lan sugeng nindakaken pangibadah ing wanci enjing punika. Kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi pangibadah tumrap Bapak, Ibu, lan para Sedherek ingkang nindakaken pangibadah lumantar giyaran live streaming youtube GKJ Ambarrukma.

Saderengipun tumapak pangibadah punika, kepareng kula ngaturaken sawetawis pawartos pasamuwan: (**maosaken pawartos**).

Mekaten pawartos enjang punika, jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar iber-iber utawi pawartos online, ingkang saged dipun unduh lumantar QR code ingkang dipun tayangaken wonten ing wiwitan pangibadah punika.

Dene minangka wujud saos sokur dhumateng berkahipun Gusti lumantar pisungsung, sae punika pisungsung minggon, wulanan, utawi pisungsung mirunggan, saged kaaturaken saderengipun pangibadah kawiwitan, wonten ing kanthong utawi kothak ingkang sampun kasumadyaaken wonten ing kori greja. Menawi Bapak Ibu kagungan aplikasi m-banking pisungsung ugi saged dipun aturaken lumantar transfer utawi scan kode QRIS ingkang katempel wonten ing papan palenggahan Bapak Ibu sadaya.

Sumangga pangibadah kanthi irah-irahan “**Pratandha Saking Swarga**” ingkang badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita Emeritus Bambang Subagyo, kita wiwiti kanthi pepujen “**Kula Sami Anyawiji, Ladrang Jatikumara Pelog Nem**” kairing karawitan Kalvari Adi GKJ Ambarrukma .....*pasamuwan kasuwun jumeneng*

(1) Dhuh Gusti kang Maha Agung  
Kula sowan amiwiti  
Ing Padaleman Pamujan  
Sesaregan Amemuji  
Ngluhurke Asma Paduka  
Kang paring gesang sayekti.

(2) Sapunika wancinipun  
Kula sami anyawiji  
Ing padaleman pamujan  
Pamedhar sabdaning Gusti  
Sawega Amedhar Sabda  
Mring pra umat kang nyawiji.

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, lajeng nyumet 3 lilin ungu lan 1 lilin jambon, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)*

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumeneng)*  
Pandhita : *(iringan gremengan gender)*

Pandhita : Pitulungan kita punika, pinangkanipun saking sawab berkahing Allah Rama, ingkang nitahaken langit lan bumi, sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita tuwin Gusti kita Yesus Kristus mugè wontena ing panjenengan sadaya.

Sadaya : **3 2 . . 2 3 1 . 1 2 1 6 5**  
**A - min... A - min... A - min**

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

**4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Yesaya 7 : 10 – 14**

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”** (Pasamuwan Lenggah)

Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

**5. Liturgos : “Lumantar Sabdanipun, Gusti paring pawartos bilih Sang Imanuel badhe rawuh nguwalaken kita sadaya. Sumangga agunging pakaryanipun Gusti punika kita sambet lumantar pepujen “Tresna Asih, Lancaran Pelog Nem”**

Tresna Asih mring pangeran Allah ira  
 Klawan gumolonging ati  
 Jiwa akal budi dene kang kapindho  
 Tresna Asih mring pepadhanira  
 Kaya marang awakira pribadi

**6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : 1 Yokanan 4 : 19 - 21**

**7. Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti tansah paring punapa kemawon ingkang kita betahaken, katentreman, karaharjan, tansah wonten ing kita sadaya. Namung punapa kita sampun teteg dhumateng piwucalipun Gusti? Punapa kita sampun saged nilar panyelewengan dhumateng Gusti?

Sumangga kita sami mawas diri kita piyambak-piyambak, kita cawisaken manah, sowan marek wonten ngarsanipun Gusti, nglenggana punapa ingkang dados karingkahan kita awit dereng saged nyembadani punapa ingkang dados dhawuhipun Gusti, lumantar pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi rerepening kidung **“Yehuwah Iku Welas Asih, Ketawang Puspa Tajem Laras Pelog Pathet Nem”**

(1) Dhuh Yehuwah puji sokur  
 mring Paduka Kang Maha suci  
 Ingkang paring pangaksama  
 dhumateng kawula sami  
 Kanthi sagunging wilasa  
 Ambeg welas saha asih.

(2) Kawula atur panuwun  
 Wit Paduka welas asih  
 Mring kawula tiyang dosa  
 Kepareng sowan mangarsi  
 Sung panembah mring Paduka  
 Ing salami gesang yekti.

**8. Imam: Pandonga Pamratobat**

Sumangga kita unjukaken panelangsan kita wonten ngarsanipun Gusti. Kita ndedonga:

“Gusti Allah ingkang maha welas saha asih, kawula sowan malih wonten ngarsa Paduka kanthi manah ingkang kebaking momotan, awit kawula dereng saged nglampahi gesang kanthi mbangun miturut karsa Paduka. Taksih kathah lampah kawula ingkang nyleweng saking karsa Paduka. Pramila dhuh Gusti, kawula nyuwun sih wilasa Paduka awit sadaya kelepatan kawula. Mugi Paduka pulihaken malih kawula gesang kanthi ngluhuraken Asma Paduka, satemah saged nyunaraken wadana Paduka lan manggih wilujeng.

Atur pamratobat kawula punika kawula unjukaken wonten ngarsa Paduka linambaran sih-katresnanipun Gusti Yesus Kristus, Juru Wilujeng kawula. Amin.”

**9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Yokanan 1 : 12**

**Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Filipi 2 : 13 - 16**

**10. Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus Kristus, sok sintena ingkang tresna dhumateng Allah, menika ugi tresna dhumateng Putranipun. Sumangga kita sanggemi dhawuh punika ingkang badhe kita unjukaken Gusti lumantar rerepen kidung “Immanuel Miyos, Lancaran Pelog Pathet Nem” ..... Pasamuwan kula aturi jumeneng**

(1) Sampun miyos Kristus putraning manungsa  
Cahaya kang sumunar madhangi ndonya  
Pepadhang cinipta saking Allah Rama  
Immanuel asmane sinebut Sang Putra  
Janji suci prasetyan saking sang Rama.

(2) Byawartakna pepadhaging jagad raya  
Kanthi sukarena mantep wapada  
Kang kebak pracaya Gya enggal wartakna  
Mring kristus narendra ingkang sampun prapta  
Arsa nebus dosane wong kang pracaya.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

**11. Wedharing Sabdanipun Gusti**

*(Pasamuwan Lenggah)*

**a) Pandhita : Pandonga Epiklese**

**b) Pandhita : maosaken Mateus 1 : 18 – 25 lan Yesaya 7 : 14**

**c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Maranata.**

**Pasamuwan: 5 6 5 3 5 6 .. 5 6 5 3 5 6 ..**

**Maranata Amin Maranata Amin**

**5 6 1 2 3 2 .. 2 3 2 1 2 1 ..**

**Maranata Amin Maranata Amin**

**d) Irah-irahan: “Pratandha saking Swarga”**

e) Ancas : **Pasamuwan saged mirsani pratandha saking Gusti lumantar panggesangan padintenan sarta saged nyinau lan nuladani tiyang-tiyang ingkang pinilih Allah kangge martosaken pakaryanipun wonten ing kabektenipun.**

## 12. Pisungsung

**Imam** : “Pasamuwan kinasih, pratandha rawuhipun Gusti sampun trawaca nalika kita nyuraosi punapa inkang dados sabdanipun Gusti.

Minangka wujud sokur awit berkahipun, sumangga kita cawisaken pisungsung dhumateng Gusti. Pisungsung wonten tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kantong tiga kagem dukungan dana griya emeritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken wonten kothak ingkang sampun kasumadyakaken.

Kagem Bapak, Ibu, Sadherek ingkang nindakaken pangibadah giyaran langsung kanal youtube GKJ Ambarrukma, pisungsung saged dipun aturaken wonten greja utawi lumantar pradata wilayah.

Bapak Ibu ugi saged misungsungaken lumantar QRIS GKJ Ambarrukma ingkang badhe dipun tayangaken nalika pisungsung kaaturaken.

Tetales pisungsung wekdal punika kapethik saking **Setunggal Babad Sangalikir Ayat Pitulas A (1 Babad 29 : 17a)** ingkang mekaten suraosipun: **Kawula mangertos, bilih Paduka ndadar manahipun saben tiyang lan rena dhateng tiyang ingkang saos pisungsung kalayan sukabingahing manah.”**

Sumangga kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening kidung **“Caosna Pisungsung, Lancaran Laras Pelog Pathet Nem”**

(1) Caosa pisungsung mring Hyang Ma Agung  
Krana gunging sih rahmat datan kendhat  
Bandha arta lan pethingan  
Gesang tansah binerkahan

(2) Tangan suku kula tansah makarya  
Mrih sesami nampi berkahing Gusti  
Nampeni berkahing Gusti  
Ngantos dumugeng wekasan.

(3) Bandha kasugihan wah kasagedan  
Gesang sawetahnya pisungsung nyata  
Pisungsung nyata dadosa  
Mrih kamulyaning Pangeran.

## 13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sadherek kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kita nelakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

a) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

- b) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- c) Inggang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- d) Inggang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- e) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- f) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- g) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- h) Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- i) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- j) Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- k) Tanginipun raga.
- l) Sarta gesang langgeng.

**15. Pandhita : Paladosan Berkah**

- 16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapa Pandhita Emeritus Bambang Subagyo lan sadaya paraga, awit panyengkuyungipun dhumateng lampahing pangibadah wekdal punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi bingah awit Gusti sampun paring pratandha rawuhipun. Sanadyan kawontenan sampun langkung sae, sumangga kita tetep sami njagi kasarasan kita piyambak-piyambak kanthi satiti.

Pangibadah kita tutup kanthi repening kidung **“Purnaning Pangabekti”** pada satunggal lan kalih (Lancaran Pelog Pathet Nem)

- |   |  |
|---|--|
| <p>(1) Pinujia nggih Allah Sang Rama<br/>Wah Sang Putra lan Roh Suci<br/>Purna pangabekti aneng greja<br/>Ngrasuk gesang saben ari<br/>Payo nindakna kang trusing ati<br/>Sabdaning Gusti sung gesang yekti<br/>Sinartan dening berkahing Gusti<br/>Sung sih rahmat mring sesami.</p> | <p>(2) Pangabekti sestu pangibadah<br/>Lamun Gusti kang den sembah<br/>Kraharjaning pepadha den udi<br/>Jagad ramya tentrem yekti<br/>Payo nindakna kang trusing ati<br/>Sabdaning Gusti sung gesang yekti<br/>Sinartan dening berkahing Gusti<br/>Sung sih rahmat mring sesami.</p> |
|---|--|

- 17. Liturgos :** “Pangibadah sampun paripurna, sugeng enjang Gusti mberkahi kita sadaya. Amin.”